

1. Èske ou espere jwenn PFOS nan san ou?

Wi. Etid yo montre anjeneral moun ekspoze nan asid pèfliyowo-oktàn-sifonik (perfluorooctanesulfonic acid, PFOS) epi tout prèske tout moun nan Etazini gen PFOS nan san yo. Yon moun kapab ekspoze nan PFOS nan lè, dlo oswa sòl ki kontamine nan mous anti-dife, sous endistriyèl, manje ak nan pwodui konsomasyon ki gen PFOS. Pou moun k ap viv nan zòn Newburgh, nou espere nivo PFOS nan san an pi wo pase mwayèn nan Etazini.

2. Kijan nivo PFOS ap ye nan san an?

Kò a retire PFOS dousman anpil, poutèt sa li rete nan san an pandan anpil ane apre moun nan te ekspoze ladan. Lè gen PFOS nan dlo moun bwè, yo espere nivo PFOS ki nan san an pi wo pase nivo ki nan dlo moun bwè a.


3. Èske kèk moun ka gen plis PFOS nan san yo pase lòt moun?

Wi. Granmoun aje yo ka gen nivo ki pi wo paske sibstans chimik anpile nan kò yo apre yon peryòd tan. Tanpri ale sou sitwèb health.ny.gov/DrinkingWaterResponse pou jwenn plis enfòmasyon.


4. Èske nivo PFOS ki nan san an ap bese?

Wi. Etid yo fè sou popilasyon Etazini montre nivo PFOS ki nan san an te bese apre yo te diminye itilizasyon PFOS ofi-amezi nan ane 2000. Nivo PFOS yo bese nan san an nòmalman a apeprè mwatye chak 5-7 ane, lè nou sipoze moun yo pa ekspoze ladan ankò. Sa rele yon mwatye vi. Pwofesyonèl swen sante ou ak resous ki endike nan #9 kapab ba ou plis enfòmasyon si ou gen kesyon.

Konbyen Tan li Ta Ka Pran pou Nivo PFOS ki nan San an Bese?



Fason yo Bay Avètisman sou Sante konsènan Dlo Moun Bwè ki Gen PFOS



5. Èske nivo san ou ap di ou si ou ka gen pwoblèm sante?

Si ou konnen nivo PFOS ki nan san ou sa pa kapab di ou si ou gen oswa si ou pral gen yon efè sou sante ki asosye avèk nivo PFOS nan kò ou.

6. Kisa etid yo montre sou efè sou sante ak lè yon moun ekspoze nan PFOS?

Menmsi kèk etid te montre relasyon avèk efè sou sante, lòt etid yo pa t fè sa. Etid ki te jwenn relasyon yo pa t kapab detèmine avèk presizyon si se PFOS oswa kèk lòt faktè ki te lakòz efè yo sou sante a.

Kèk etid yo te fè sou sante imen te jwenn relasyon ant lè yon moun ekspoze nan sibstans chimik pèfliyore (perfluorinated chemicals, PFC), gwoup chimik ki gen PFOS ladan ak anpil kalite efè sou sante. Etid yo fè sou moun montre relasyon yo ant lè moun ekspoze nan PFOS ak efè sou fwa yo, sistèm iminitè yo, fonksyon tiwoyid yo, ak gwosè yo lè yo fèt.

Yo te yon gwo etid sou 70,000 moun ki rele "Etid C8" nan yon kantite distri dlo Ohio River Valley kote dlo moun bwè a te kontamine, epitou moun yo te ekspoze sitou na asid pèfliyowotanoyik (perfluorooctanoic acid, PFOA). PFOA se yon PFC ki ka afekte kò a menm jan avèk PFOS.

Jiska prezante pa t gen etid afon yo te fè sou gwo popilasyon ki te ekspoze nan PFOS. Gen plis enfòmasyon sou etid PFC sou sante ki disponib sou sitwèb DOH.

Nivo Mwayen PFOS nan San

Mwayèn jwometrik yo montre ou (Mikwogram pou chak Lit)

Travayè 3M, Cottage Grove, MN (2000) 1,760

Travayè 3M, Decatur AL (2000) 910

Morgan-East Lawrence, moun ki sou pui prive, toupre Decatur, AL (2010) 75

Morgan-East Lawrence, moun ki sou pui prive, toupre Decatur, AL (2010) 40

Moun nan zòn East Metro ki itilize dlo prive toupre, Minneapolis, MN (2008) 35*

Moun nan zòn East Metro ki itilize dlo piblik, toupre Minneapolis, MN (2010) 24*

Istwa Etazini (1999) 30

Istwa Etazini (2013) 5

Mwayèn jwometrik se yon fason pou kalkile nivo mwayen an. Yo itilize mwayèn sa yo nan syans pou pa kite pi gwo valè ak pi piti valè yo defòme mwayèn nan lè rès done yo pre ansanm.

* East Metro (anvan ak apre tretman dlo a) montre nivo yo ki bese apre yo pa t kite moun yo ekspoze.

7. Kijan w ap konnen fason nivo ou konpare avèk lòt moun?

W ap kapab konpare rezilta PFOS ou avèk done nasyonal sou popilasyon U.S. Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Etazini nan Sant Etazini pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi), epitou avèk rezilta pwojè byo-siveyans PFOS yo te fè nan lòt popilasyon ki nan Etazini. Nou bay kèk egzanp nan tablo ki anwo a.

Kèk nan enfòmasyon nou gen nan tablo ki anwo a soti sou moun ki te ekspoze nan PFOS nan travay yo, tankou travayè pou 3M. Travayè ki te manyen PFOS nan travay yo anjeneral gen nivo PFOS ki pi wo nan san yo ak kèk lòt sibstans chimik pèfilyore (PFC). Nivo tès san ki nan tablo a soti tou nan de kominote kote te gen PFOS nan dlo moun

bwè, yon kominote (pui prive ak yon sous dlo piblik) toupre izin Dupont nan Alabama, ak yon kominote (sous dlo piblik) toupre yon izin 3M nan Minnesota.

8. Ki lòt bagay New York State Health Department ap fè?

New York State Health Department ap mennen yon ankèt pou wè si gen ogmantasyon iregilye ka kansè pami moun k ap viv nan zòn Newburgh. Ankèt la ap analize kantite total ka kansè ak sèten kalite kansè doktè te dekouvri sou moun yo ant ane 1995 ak 2013 (dènye done yo disponib sou sa), avèk done ki soti nan New York State Cancer Registry (Rejis Kansè Eta New York), ki resevwa rapò sou tout ka kansè ki genyen nan Eta New York.

9. Kijan ou kapab jwenn plis detay?

Ou kapab jwenn plis detay ak lyen ki asosye avèk etid yo sou sitwèb: health.ny.gov/DrinkingWaterResponse

Si ou gen lòt kesyon sou pwogram byo-siveyans, kontakte New York State Health Department depi ou rele nimewo **518-402-7950** oswa depi ou imèl beoe@health.ny.gov

Zòn Newburgh Kesyon ak Repons sou Pwogram Tès PFOS nan San



Fevriye 2017